

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina ieu panalungtikan ngeunaan sajarah jeung kamekaran upacara adat ngabungbang, prak-prakan upacara adat ngabungbang, udagan diyanakeunana upacara adat ngabungbang, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTS kelas VIII, dicindekkeun saperti ieu di handap.

Tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén upacara adat ngabungbang mangrupa ngadon mandi jeung jarak ka makam nu dikaramatkeun unggal kaping 14 Mulud. Ieu upacara miboga udagan nyaéta meunangkeun kaberkahan ti Allah SWT. ngaliwatan jarak ka makam-makam nu aya. Ayana kagiatan mandi di salah sahiji sumber cai, mangrupa kagiatan pikeun nyucikeun diri tina sagala rupa kokotor nu aya dina diri boh nu sipatna lahiriyah boh nu sipatna batiniyah. Waga masarakat miboga pamadegan, yén bulan Mulud mangrupa salah sahiji bulan anu suci. Sabab, urang bakal miéling poé babarna Nabi Muhammad Saw. Saméméh “mapag bulan” Mulud, sok aya waé warga masarakat nu biasana puasa 2 nepi ka 40 poé. Teu aya aturan baku puasa kudu sabaraha lila, jeung teu aya kawajiban saha waé nu kudu puasa. Éta dibalikeun ka diri masarakatna séwang-séwang. Biasana nu puasa nyaéta warga masarakat nu masih “patuh” atawa para sesepuh nu aya di Désa Cimandé.

Aya hiji ciri has dina lumangsungna runtuyan acara ngabungbang, nyaéta ngumbah pusaka. Pusaka ieu mangrupa keris titinggalan para karuhun. Saméméhna, pusaka bakal dikeueum heula ti kaping 1 Mulud sangkan kokotor nu napel babari coplok. Pusaka dikumbah ku cara digosrok maké buah cangkudu atawa jeruk nipis di unggal kaping sateuacan 12 Mulud, sangkan pusaka téh beresih/suci. Tuluy pusaka bakal dihadirkeun nalika maulid lumangsung di kaping 12 Mulud.

Ngabungbang mangrupa salah sahiji waktu pikeun silaturahmi. Lain pikeun warga masarakatna wungkul, tapi pikeun saha waé nu ngilu aub di ditu. Salah sahijina pikeun para murid silat nu diajar élmu penca silat Cimandéan. Sakabéh murid bakal ngariung pikeun silaturahmi jeung nginget atawa nyeukeutan deui élmu silat anu geus dihontal. Salian éta parah murid silat ogé bakal dipeureuh atawa

dikecer, tur macakeun deui ta'léq nu aya. Tujuanana sangkan diri unggal murid silat leuwih beresih tur élmu silat nu dipimilikna teu disalah gunakeun.

Teu aya aturan husus dina ieu kagiatan, saha waé bisa aub salian ti awéwé anu keur kareseban jeung dipiharep unggal jalma geus abdas saméméh jarak. Teu aya mamala nu bakal karandapan nalika ngabungbang teu dilaksanakeun, ngan warga masarakat miboga pamadegan yén lamun ngabungbang teu dilaksanakeun sarua waé jeung mopohokeun kabudayaan sorangan. Geus jadi hiji hal anu pasti unggal taunna, nyaéta ngabungbang pasti lumangsung. Nepi ka, ngabungbang téh jadi salah sahiji program gawé rutin taunan désa.

Sakabéh kagiatan nu lumangsung salila kagiatan, ngaguluyur. Teu aya jalma anu mére komando. Unggal jalma biasana geus paham tur nyaho waktu-waktuna. Tapi, sanajan kitu angger aya susunan panata calagara nu anggotana nyaéta para pamuda. Pikeun nataharkeun tur ngamankeun salila upacara adat ngabungbang lumangsung.

Tuluy, hasil tina ieu panalungtikan cocog pisan pikeun dijadikeun salah sahiji bahan ajar maca artikel di SMP/MTs kelas VIII. Sabab, saluyu jeung KI (Kompeténsi Inti) jeung KD (Kompeténsi Dasar) nu aya, nyaéta diajar ngeunaan artikel seni budaya Sunda. Salian éta, tina dilarapkeunana ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran dipiharep bisa numuwuhkeun kasadaran peserta didik pikeun ngamumulé budaya nu aya hususna budaya sorangan.

5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan, pikeun mahasiswa dipiharep bisa pangaweruh anyar ngeunaan upacara adat ngabungbang nu mangrupa salah sahiji wujud kabudayaan di tatar Sunda. Pikeun dunya atikan, dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di kelas VIII. Ieu hal bisa méré pangaweruh pikeun ngawanohkeun upacara adat ka peserta didik. Jeung pikeun masarakat umum, dipiharep bisa méré pangaweruh anyar ngeunaan upacara adat hususna upacara adat ngabungbang di Désa Caringin, Kabupatén Bogor.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé, Kacamatan Caringin, Kabupatén Bogor, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun, nyaéta (1) pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngalaksanakeun panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan upacara adat ngabungbang nu aya di tatar Sunda; (2) pikeun guru, dipiharep bisa leuwih ngawanohleun rupa-rupa kabudayaan nu aya di tatar Sunda ngaliwatan pangajaran; (3) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa babarengan ngamumulé tur ngareuah-reuah sagala rupa kabudayaan anu aya di sabudeureunana sangkan urang teu éléh ku ayana kamekaran jaman.